# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

केंद्र सरकार आजु रबी क छौ गो फसलिन के बरिस दुइ हजार पच्चीस–छब्बीस बदे न्यूनतम समर्थन मूल्य में बढोत्तरी कइले हवे। सरकार गोहू क न्यूनतम समरथन मूल्य एक सौ पचास रूपिया प्रति कुन्तल बढ़ा के दुइ हजार चारि सौ पचीस रूपिया प्रति कुन्तल कइ दिहले हवे। रबी क पांच गो अउरियों फसलिनि जौ, चना, मसूर, सरसो, कुसुम, क एमएसपीओ में बढ़ोत्तरी कइले हवे। पहिले गोहू क न्यूनतम समरथन मूल्य दुइ हजार दुइ सौ पचहत्तर रूपिया प्रति कुन्तल रहे। जौ क न्यूनतम समरथन मूल्य एक सौ तीस रूपिया बढ़ा के एक हजार नौ सौ अस्सी रूपिय प्रति कुन्तल कइ दिहल गइल हौ। चना क एमएसपी दुइ सौ दस रूपिया बढ़ा के पांच हजार छौ सौ पचास रूपिया कइ दिहल गइल हवे। अइसही मसूर क एमएसपी पहिले छौ हजार चारि सौ पच्चीस रूपिया प्रति कुन्तल रहल। येह में दुइ सौ पचहत्तर रूपिया क बढ़ोत्तरी कइल गइल हौ। अब मसूर क नया एमएसपी छौ हजार सात सौ रूपिया प्रति कुन्तल हौ।

सरसों तिलहन क पुरान एमएसपी पांच हजार छौ सौ पचास रूपिया रहल। सरकार येह में तीन सौ रूपिया क बढ़ोत्तरी कइले हवे। अब सरसो क नया एमएसपी पांच हजार नौ सौ पचास रूपिया प्रति कुन्तल हो गइल हौ। ओहीं कुसुम के एमएसपी में एक सौ चालीस रूपिया क बढ़ोत्तरी कइल गइल हौ। अब कुसुम क नया एमएसपी पांच हजार नौ सौ चालीस रूपिया तय कइ दिहल गइल हौ।

**********

प्रयागराज मेला प्राधिकरण अउर पुलिस विभाग मिलि के येह बेरि के महाकुंभ–दुइ हजार पचीस मेला में एगो उच्च तकनीक से लैस खोया–पाया पंजीकरण प्रणाली से तीर्थयात्रियन के सुरक्षित करी। एकरे बदे प्रसासन की ओरि से महाकुंभ दुइ हजार पचीस में सामिल होखे वाले तीर्थयात्रियन बदे सरकार अइसन डिजिटल खोया–पाया केन्द्र क स्थापना करी, जवन हेरा गइल मनइयन के उनकरे परिजन से मिलावे खातिर तकनीक क सहारा ले लें। येहमें हर हेराइल मनई क पंजीकरण जुरते कइल जाई अउर ओकर जनकारी अउरियो केन्द्रन अउर सोसल मीडिया प्लेटफारम जइसे फेसबुक अउर एक्स पर प्रसारित कइल जाई। ई व्यवस्था महाकुंभ मेला के न त खाली सुरक्षित बनाई बलुक परिवारन के जल्दी अउर असानी से अपने प्रियजन से जुड़ले क कार करी।

**********

प्रदेस के बहराइच जिला के हिंसा परभावित इलाकन में हालति अब धीरे–धीरे सामान्य होखे लागल हौ। सासन येह मामिला में अपने स्तर से कार्रवाई तेज कइ दिहले हवे। येही कड़ी में महसी पुलिस क्षेत्राधिकारी रूपेन्द्र गौंड़ के हटा दिहल गइल हौ। उनकरे जगहि पर रामपुर क सीओ रवि खोखर के चार्ज सउंपल गइल हवे। एहसे पहिले चउकी इंचार्ज महसी अउर एसओ हरदी के निलम्बित कइल गइल रहे। महराजगंज में बीतल अत्तवार के मुरती बिसरजन के दौरान भड़कलि साम्प्रदायिक हिंसा के मामिला में पुलिस अब उपद्रवियन के चिन्हले में जुटल हवे। येह हिंसा से जुड़ल अबले बावन उपद्रवियन के जेलि भेजल गइल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ खुदे अधिकरियन से जिला के ताजा हालति क रिपोर्ट ले रहल हवें। पुलिस अराजक तत्वन पर सिकंजा कसि रहल हवे। वीडियो फुटेज के आधार पर उपद्रवी चीन्हल जा रहल हवें।

**********

शरद पूर्णिमा क तिउहार आजु सरधा अउर उछाह के माहौल में पूरा प्रदेस में मनावल जा रहल हवे। मथुरा के वृंदावन में आजु शरद पूर्णिमा पर सफेद कपड़ा में बांके बिहारी भक्तन के दरसन दिहलें। मंदिर क सेवाधिकारी शुभम गोस्वामी बतवलें कि शरद पूर्णिमा के दिन्ने ठाकुरजी भक्तन के दरसन देलें। उनके चन्द्रकला अउर मेवा के खीरि क भोग लगावल जाला। ओहर फर्रूखाबाद में सरधालु मां गंगा में आस्था क डुबकी लगवलें। सरधालुअन के भीड़ि के देखत जिला प्रसासन ढेरि संख्या में पुलिस बल तैनात कइले हौ।

**********

चुनाव आयोग के ओरि से एक दिन पहिले प्रदेस के नौ विधानसभा सीटिनि पर मतदान के तारीख क घोसणा कइले के बादे से आजु मिल्कीपुर उपचुनाव के ले के दायर याचिका के वापिस लिहले क कवायद सुरू हो गइल हौ। भाजपा क पूर्व विधायक बाबा गोरखनाथ अपने ओकील के साथे आजु हाईकोर्ट से याचिका के वापिस लेवे पहुंचलें। येह याचिका के नाते चुनाव आयोग येह सीटि पर चुनाव क तारीख घोसित नाहीं कइले हवे जबकि प्रदेस के करहल, सीसामऊ, कटेहरी, कुंदरकी, खैर, गाज़ियाबाद. फूलपुर, मझवां अउर मीरापुर के नौ सीटि पर ओट तेरह नवम्बर के डारल जाई।

**********

भारतीय क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड क सीनियर महिला टी–20 प्रतियोगिता के ग्रुप डी क मोकाबिला बिहने से लखनऊ के अटल बिहारी वाजपेई इकाना स्टेडियम में खेलल जाई। प्रतियोगिता में अट्ठाइस अक्टूबर ले कुलि एक्कइस गो मोकाबिला खेलल जइहें। ग्रुप–डी में रेलवे, सिक्किम, हिमाचल प्रदेश, हरियाणा, चंडीगढ़, केरल अउर त्रिपुरा क टीमि हइनि। रोजाना तीनि मोकाबिला खेलल जाई।

**********

कुशीनगर फोरलेन के पकवाइनार में आजु भिन्नहीं टहरे निकरल तीनि गो नौजवानन के एगो बेकाबू स्कार्पियो गाड़ी कचरि दिहलस। दुरघटना में दुइ गो युवक क ओहिजुकवें मउति हो गइल, एगो युवक इलाज होत के गोरखपुर मेडिकल कॉलेज में दम तूरि दिहलस। पुलिस गाड़ी के कबजा में ले के आगे के कार्रवाई में जुटि गइल हौ। ओहर फतेहपुर जिलो में आजु भिन्नहीं भइल सड़कि दुरघटना में कन्नौज के तीनि जने क मउति हो गइल। पुलिस के हिसाबि से हादसा क सिकार युवक निजी कार से प्रयागराज जात रहलें। अबहिन ऊ कल्याणपुर थान्हा इलाके में पहुंचल रहलें कि दुरघटना क सिकार हो गइलें।

**********